CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #१०२

०६।०१।२०७८

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## स्वास्थ्य, जनसंख्या तथा वातावरण मन्त्रालयसँ कोभिड - १९ प्रतिकार्यके लेल वितरण कएलगेल कूल रकम आ खर्च

### प्रदेश १
वितरण गारिएको रकम
रु. १८,२०,८३,०००
खर्च
रु. १६,२०,६२,०००

### प्रदेश २
वितरण गारिएको रकम
रु. ६,७६,४७,०००
खर्च
रु. ४,१३,४३,०००

### बागमती प्रदेश
वितरण गारिएको रकम
रु. २,९७,९९,१४,०००
खर्च
रु. १,९२,५७,४६,०००

### गण्डकी प्रदेश
वितरण गारिएको रकम
रु. १०,००,०००
खर्च
रु. १०,००,०००

### लुम्बिनी प्रदेश
वितरण गारिएको रकम
रु. ४,५४,९०,०००
खर्च
रु. १,०४,२०,०००

### कर्णाली प्रदेश
वितरण गारिएको रकम
रु.३,५९,६०,०००
खर्च
रु. ९९,६०,०००

### सुदूरपश्चिम प्रदेश
वितरण गारिएको रकम
रु. ४,७१,४२,०००
खर्च
रु. २,१३,३७,०००

### जम्मा
वितरण गारिएको रकम
रु. ३,३५,९२,३६,०००
खर्च
रु. २,१७,१८,६८,०००

*नोट: विस्तृत विवरण निचाके लिंकमे देखल जालसकैय ।*

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1KiWMP9oKCl1Cfj4VLgiUZk3QhJdnwRkP/view

## नेपाल अपडेट



बाँकेके नरैनापुरमे एक सप्ताह आगु लागल आईग बादके दृश्य एत १२७ घर आईग लाईग क जरल छलै ।

चित्र: आयुश यगोल श्रेष्ठ

### परिक्षण
पिसिआर परिक्षण: २३,५२,५०२
पोजेटिभ: २,८५,९००
उपचाररत: ७२५४
मृत्यु : ३,०९१
सन्चो भएका : २,७५,५५५




Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



पहिल मात्रा खोप लगाओलके दोसर मात्रा खोप लगाव पाबीरहल छै कहादन । किन्हका किन्हका कहिया सँ भेटतै ?

२०७७ साल माघ १४ गते सँ फागुन १० गते तक खोपके पहिल मात्रा लगेने स्वास्थ्यकर्मी, सामुदायिक स्वास्थ्य स्वयंसेविका, एम्बुलेन्स चालक आ सहचालक, शव व्यवस्थापनमे खटल सुरक्षाकर्मी, सब सरकारी कार्यालय, संघसंस्था आ बैंकके कर्मचारीसभ, पत्रकार, स्थानीय तहमे खटल सुरक्षाकर्मीसभ, निर्वाचित जनप्रतिनिधी आ सिमा सुरक्षा पोष्टमे खटल सुरक्षाकर्मीसभ, कुटनैतिक नियोगके कर्मचारीके दोसर मात्रा खोप लगाएल जारहल छै । बैशाख ७ सँ ११ गते तक देश भैरके खोप केन्द्रसँ कोभिड - १९ के दोसर मात्राके खोप अभियान शुरु भऽरहल छै । खोप लगाब जायकाल सबके अपन खोप कार्ड आ अपन कार्यालयके परिचय खुलवला पहिचानपत्र या ऊ नै भेलापर सरकारी पहिचानपत्र साथे लऽक जाय पड्त ।

स्रोत: https://cutt.ly/ivEoRW5



फेरो निजी अस्पतालसभ कोरोनाके रोगी सँ बहुते शुल्क असुली कऽरहल छै कहादन । सरकार कोनो शुल्क सीमा नै तोकने छै ?

सरकारद्वारा नीजि प्रयोगशाला तथा अस्पतालसभके कोभिड - १९ के परीक्षण तथा ईलाजके लेल शुल्क सिमा तोकने छै । जै अनुसार, पीसीआर परीक्षणके लेल दू हजार रुपैयाँ सँ नै बढै तेना तोकने छै । तहिना, संक्रमणके जटिलताके आधारमे दवाई बाहेक दैनिक कोरोनाके सामान्य बिमारीके ३५ सय रुपैया, मध्यमके ७ हजार रुपैया आ जटिल प्रकारके बिमारीके ईलाजके लेल १५ हजारम् ५०% आरो नै बढै तेना क शुल्क लेब सकके मापदण्ड तैयार केने छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/xvEJpC6



वैदेशिक रोजगारीमे जायवला आदमीके स्वास्थ्य परीक्षण करवला बहुते संस्थासभ सरकार खारेज केलक कहिक समाचार आबैत रहैत छै । स्वास्थ्य परीक्षाणके अनुमती प्राप्त केने स्वास्थ्य संस्थाके कोनो आधिकारीक सूची छै ?

अईके लेल श्रम रोजगार तथा सामाजिक सुरक्षा मन्त्रालय प्रत्येक वर्षके अन्त्यतक ओहन स्वास्थ्य संस्थाके नविकरण करके समय दैत छै । निर्धारित समय सिमा भितर नविकरण नै करवला स्वास्थ्य संस्था खारेजीमे परैत छै । ओहन खारेजीमे परल संस्था वैदेशिक रोजगारीमे जायवला आदमीके स्वास्थ्य परिक्षण कर नै पबैत छै । अई वर्ष कूल ४९ स्वास्थ्य संस्था नविकरण भऽ स्वास्थ्य परीक्षण करके अनुमति प्राप्त केने छै । पूर्ण सुची निचाके लिंकमे देल गेल छै ।

स्रोत: https://moless.gov.np/wp-content/uploads/2021/03/notice-of-health.pdf



कि नेपाल आएल विदेशी पर्यटकके फेरो नेपालमे सेहो पिसिआर परिक्षण कर परतै ?

कोभिड - १९ विरुद्धके खोप लगेने आ पिसिआर परीक्षणके प्रतिवेदन लऽक आएल पर्यटकके नेपाल एलाके बाद सम्बन्धित एजेन्सी या संस्थाके समन्वयमे अपने खर्चमे पिसिआर परीक्षण करा कऽ परिणाम नै एलातक होटल क्वारेन्टाईनमे रह परै छै । परिणाम नेगेटिभ एलाके बाद मात्रे एजेन्सी मार्फत पदयात्रा या पर्वतारोहणमे जाय सकैत अछि । एना साथमे जायवला नेपाली सहयोगीके कम्तीमे एक लाखके कोरोना बीमा अनिवार्य भेल होबके चाही ।

स्रोत: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/176/lan/ne-NP

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ

३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| | साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| नेपाली | ३,३४,४५१ | ७१,१२३ | २६,००० | ४,०६,९१७ | २,२४,९०५ | १७,०५७ | ५००,००० | ३८,८६२ |
| संक्रमित | ४,०४,९७० | २,५६९८७ | १,६४,११० | १,९६,५८० | ४,९७,१५४ | १,८१,४३० | ३,७५,०५४ | १,१४,६४६ |
| नेपाली संक्रमित | ५,८०० | २,३५० | ४५१ | २८,२५० | ५,३५० | ३०० | २१०० | २९ |
| मृत्यु भएका नेपाली | ८८ | १२ | ३ | १८ | ३९ | १ | १ | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

Shramik Sanjal

## कतारमे कोरोना सम्बन्धी मापदण्ड पालना नै करवला कारवाहीमे

कतारमे कोरोना भाईरसके संक्रमण बढ्के क्रममे छै ।  कतार सरकार सेहो अई सम्बन्धी नियम पालना नै करवलाके कडा कारवाही कल रहल छै । वितल शनिदिन मात्रे कतारमे स्वास्थ्य मापदण्ड पालना नै करवला ३६२ कोई कारवाहीमे पड्लै ।
जै मे,

- ४ कोई सँ बेसी सवारी साधनमे यात्रा करवला ३ कोई ।
- एतराज एप प्रयोग नै करवला ४ कोई ।
- सामाजिक दुरी कायम नै करवला ७३ कोई ।
- सार्वजनिक स्थलमे मास्क नै लगाक चलवला २८२ कोई ।

हुनकासभके संक्रामक रोग सम्बन्धी मन्त्रिपरिषदके १९९० के कानुन नम्बर १७ अनुसार सार्वजनिक अभियोजनके मुद्दा चलाएलगेल मन्त्रालय जनतब देने अछि ।

**कुबेत:**

१. कुबेत सरकारद्वारा लम्बा समय सँ घरेलु कामदारके लेल लगेने निषेध द्व पक्षिय सरकारके सम्झौताके बाद खुला कएलगेल छै । आब फिलिपिन्ससँ कुबेतमे घरेलु कामदारके लेल जायके रस्ता खुलल छै ।

२. भिषा स्ट्याटस गुमौने सभके जरिवाना तिरक वैधानिक भल भिषा लगाबके अवधी १५ मई तक बनाएल गेल छै । सरकारसँ भेटल एहन मौकाके सदुपयोग कर नै सकलौ त बादमे दु:ख भोग पड्त ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय (8:00 PM),  Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य  देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

कोरोना संक्रमण रोकथाम, नियन्त्रण आ ईलाजमे भेल
खर्चके ताजा अद्यावधिक (२०७७ पुष अन्त्य तक)

**संघिय सरकार**
रु. ८ अर्ब ५९ करोड ९८ लाख

**प्रदेश सरकार**
रु. २ अर्ब ९२ करोड ३ लाख

**स्थानीय सरकार**
रु. ८ अर्ब १० करोड ६७ लाख

**दोहोरो खर्च**
रु १ अर्ब ४९ करोड ७० लाख

**दोहरा खर्च कटाक होबवला जम्मा खच**
रु. १८ अर्ब १२ करोड ९८ लाख

स्रोत: https://cutt.ly/4lfYbPi

accountabilitylab NEPAL

# कि गोबिन्द न्यायिक ईलाज नै पाओत ?




परिवारके आर्थिक अवस्था सुधारके लेल २०७४ जेठ महिनाके अन्तिम सप्ताहमे वैदेशिक रोजगारीमे गेल गोबिन्द प्रसाद शर्मा अखन युएई स्थित रस अल खैमाके एक सरकारी अस्पतालमे भर्ना भेल छथि । ऊ एसओएस म्यानपावरके सहयोगमे वैधानिक तरिका सँ युएई पहुचल छलाह । नेपालसँ सम्झौता केने अनुसारके सेवा सुविधा कम्पनी सँ नै भेटलाके बाद कम्पनी सँ भाईग क दोसर जगह काम कर लागल छल । युएईके श्रमिक नियम अनुसार सम्बन्धित कम्पनीसँ भाईग क नुकाऽक काम केलापर ओकरा गैरकानुनी ठहरावके प्रचलन छै । गैर कानूनी रुपमे रहल पता चललापर परिवारके सदस्य हुनका घर फिर्ता आब आग्रह कऽ रहल छलै । वैधानिक रुपमे रहिरहलापर ऊ कोरोना महामारी शुरु होब सँ पहिलेही नेपाल फिर्ता आबि चुकल रहितैथ । लेकिन, गैर कानूनी रुपमे रहलाके कारण बन्दाबन्दीके बादो घर फिर्ता आब नै सकल ।

ओही बीच गोविन्द सडक दुर्घटनामे परलाह । अवस्था बहुते गम्भीर भगेलै । दू महिना तक त ऊ होश मे नै एलाह । हुनकर साथीसभ परिवारके खबर त केलक लेकिन, परिवारके सदस्य हुनकासँ बातो कर नै सकल । ओई पर सँ कोरोनाके कारण सबके अस्पतालमे भेटके अनुमति नै देला सँ साथीसभ सेहो परिवारके नियमित खबर कर नै सकल । अई सँ परिवारके आरो चिन्तित बनेलक ।

अस्पताल भर्ना भेलाके दू महिना बाद गोबिन्द हाशमे आएल । अखन गोबिन्द सामान्य अवस्थामे एलाके बादो तत्काल नेपाल फिर्ता आबके अवस्थामे नै छथि । हुनकर ईलाजके एबजमे युएईके १ लाख दिरहाम जते अस्पतालके बुझाबके छै । युएई अवस्थित नेपाली दुतावाससँ सेहो ईलाज खर्च गाडी चालक मार्फत भुक्तानी हेतै कहने भेलाके बादो प्रकृया बहुते लम्बा होब सकत से जनौलक अछि । दुतावाससँ नेपालसँ जरुरी पहल केलापर प्रकृया जल्दी हेतै कहिक परिवारके जानकारी करेने छै ।

गोबिन्दके खिस्सा त एकटा प्रतिनिधी खिस्सा मात्रे छै । हुनका जेहन हजारो नेपालीसभ अवैधानिक रुपमे नुकाछिपी विदेशमे रहिक काम कऽ रहल छै । अखन ऊसभ कानूनी जटिलतामे फसैत छै तखन मात्रे हुनकासभके समस्या बाहर अबैत छै । कि गोबिन्द जेहन आदमीके लेल वैकल्पिक न्यायिक ईलाजके रस्ता खोजके काम सरकारके नै छै ?

# रेडियो कार्यक्रम पद्धती



## रेडियो कार्यक्रम पद्धती
### संरचना सबैका लागि

प्रसारणको रेकर्ड तपाई YouTube र Soundcloud मा पनि सुन्न सक्नु हुन्छ

Civic Action Teams

https://soundcloud.com/accountability_lab

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs